



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE YON ANKÈT NAN ZAFÈ PYÈ TONBAL YO TE SAKAJE
NAN SIMTYÈ WAAD HAKOLEL NAN ROCHESTER, NY**

“Nan semèn ak mwa ki sot pase yo, fanmi nan New York - moun tout kredo, tout koulè, ak tout orijin - te temwen yon ogmantasyon enkyetan onivo zak rayisans ak entolerans. Fòs Operasyonèl kont Krim Rayisans osen Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force), an kolaborasyon avèk otorite federal ak lokal yo, te lanse investigasyon agresif sou tout krim rayisans yo te rapòte nan eta a.

Resaman, yo te sakaje e ranvèse plizyè pyè yonbal nan Simtyè Waad Hakolel nan Rochester. Poutèt vag menas pou bonm ki vize sant kominotè juif yo ak kraze brize twoublan nan simityè juif yo atravè peyi a, mwen mande Lapolis Eta a pou li lanse imedyatman yon ankèt apwofondi sou zafè sa a.

New York gen zewo tolerans pou nenpòt ki kalite patipri oswa diskriminasyon, epi n ap toujou kanpe ansanm pou fè fas a anti-semitism ak divizyon. Se yon bagay ki revòltan e ale alankont tout bagay nou kwè kòm moun New York, e nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou mennen devan lajistis moun ki responsab atak lach sa yo kont valè nou renmen anpil.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418